

Sant Rekiperasyon Dezas Louvri nan Konte Lafayette

Release Date: Novanm 9, 2024

TALLAHASSEE, Fla. ? FEMA te ouvri yon sant rekiperasyon pou katastwòf nan konte Lafayette pou bay asistans individyèl a moun nan Florid ki afekte nan siklòn Helene ak Debby. Sant lan kapab sèvi tou pou sivivan Siklòn Milton yo tou.

Sivivan yo pa bezwen ale nan yon sant pou aplike pou èd. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike sou Entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#) oswa lè yo telechaje [Aplikasyon FEMA](#). FEMA pa distribye lajan kach nan sant rekiperasyon pou katastwòf yo.

Adrès sant lan:

Lafayette County

Mayo Community Center

150 NW Community Circle

Mayo, FL 32066

9 a.m.–6 p.m. Lendi-Dimanch. Tout Sant Rekiperasyon Dezas yo ap fèmen Lendi 11 Nov pou Jounen Veteran yo.

Pou jwenn lòt sant, vizite [fema.gov/drc](#) oswa voye tèks “DRC” epi yon kòd postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki gen pwoblem aksè ak pwoblem fonksyonèl e yo ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè pou aplike sou Entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#) oswa lè yo telechaje [Aplikasyon FEMA](#). Ou ka aplike tou pa telefòn nan 800-621-3362. Si w chwazi aplike pa telefòn, tanpri sonje tan datant yo ka pi long akòz ogmantasyon nan dezas ki sot pase yo. Liy yo louvri chak jou epi èd disponib nan piò lang. Si w itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit loswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w ka gade yon



FEMA

Page 1 of 2

vidéyo aksesib sou kijan pou w aplike pou asistans ale nan [FEMA Aksesib: Aplike pou Asistans Endividye - YouTube](#).

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite [fema.gov/disaster/4834](#). Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Helene, vizite [fema.gov/disaster/4828](#). Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasy [fema.gov/disaster/4806](#). Swiv FEMA sou X nan [x.com/femaregion4](#) oswa sou Facebook nan [facebook.com/fema](#).

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan ak apre katastwòf yo.

FEMA pran angajman pou l asire asistans pou katastwòf yo akonpli ekitab, san diskriminasyon pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans angle, oswa sitiyyasyon ekonomik. Nenpòt moun ki sivivan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Ou ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a nan [FEMA-OCR@fema.dhs.gov](#) oswa gratis nan 833-285-7448.



FEMA

Page 2 of 2